



MUSOMOBIL

GID POU ITILIZE MUSOMOBIL

MODIL I - Kòman pour enskri sou musombil

- 1- Ou ale sou sit musomobil la ki se : ***musomobil.net***
Ou ka fè rechèch la sou Google tou.


Men ak kisa sit la samble ...

A screenshot of the Musomobil website. The header includes the address '10, Rue Audat, Impasse la paix / Route de Frères, Pétion-Ville, Haiti.', phone number '(509)2817-0088, 212 386 5576', email 'kofip98@yahoo.fr', language selection 'Langue FR', and user account buttons 'Connexion' and 'Enregistrer'. The main content area features the MUSOMOBIL logo and the text 'Application de gestion des Mutuelles de Solidarité'. Logos for KOFIP, Fondation ACTES, and SIDI are displayed at the bottom.

- 2- Ou ka chwazi lang ou vle anlè a dwat kote ki manque langue la :
FR (Fransè) – **EN** (Anglè) – **ES** (Espanol) – **KR** (Kreyòl)
- 3- Toujou an wo a dwat nap wè yon bouton ki make Anregistre, Nap klike sou li

Anregistre


4- Lè n fin klike sou boutan anrejistre a nap tombe sou yon paj konsa :




N ap mete : Nom, Imel , Telefòn, peyi ak modpas mityèl la

Modpas la dwe genyen ladan pou pi piti 10 karaktè, ki ka konpoze de :
Yon lèt majiskil o mwens (Ex. : ABCD), **plizyè lèt miniskil** (Ex. : abcd), li
dwe gen **youn oubyen plizyè chif** (Ex. : 12345), li dwe gen **yon karaktè spesyal o mwen** (Ex. : @#\$%&). Examp modpas : **MUSObouskit456@**

5- Lè n fin anrejistre mityèl la, nou dwe resevwa yon Imel pou n ka konfime enskripsyon nou. Nan email la n ap jwenn yon bouton pou nou kofime enskripsyon nou, Klike sou li.



6- Lè w fin klike sou bouton an L ap mennen w sou paj login nan oubyen nan dashbòd la dirèkteman :



W ap antre **imel** ou ak **modpas** ou te mete lè w tap enskri sou musombil la pou ou aksede a dachbòd ou a. Dashbòd la vle di espas kote ou pral jere enfòmasyon mityè ou a ki se espas sa :

Dashbòd MUSOMOBIL

A screenshot of the Musomobil dashboard. On the left is a sidebar with navigation links: "MUSO", "MEMBRES" (with a count of 0), "CAISSE VERTE", "CAISSE ROUGE", "CAISSE BLEUE", "PRÊT", and "RAPPORT". The main area shows three colored boxes: a blue box for "Caisse Bleue" with a value of 0, a green box for "Caisse verte" with a value of 0, and a red box for "Caisse rouge" with a value of 0. Below this is a section titled "MUSO BOUSKIT" containing a table with four rows: "Nom mutuelle" (MUSO BOUSKIT), "Présentation" (Null), "Téléphone" (38088054). At the top right, there are links for "MUSO BOUSKIT", "Déconnexion", and "Langue : FR".

Depi ou rive la enskripsyon mityèl ou a byen fèt ou ka kòmanse ajoute enfòmasyon mityèl ou a sou platefòm nan

Nan yon lòt modil n ap eksplike chak ti pati nan dashbòd la.

Mèsi paske ou chwazi musomobil pou jere MISO ou a